

Gladhi 1

Bocah Cilik Kae

(Turiyo Ragilputra, Bledheg Segara Kidul, 2007:59)

*bocah cilik sing nyapu latar kae
sapa ngerti mbesuk tembe thukul elare
mabur dhuwur nganglang langit
numpak mega-mega andon lelana sinambi methiki
lintang kartika*

*bocah cilik kae isih bening
jiwane isih suci lemah atine
aja ditanduri jenu utawa senthe
aja dibumboni wisa utawa krawe*

*bocah cilik kae
togna menyang endi abur jiwane*

Tembung-tembung ing ngisor jodohna miturut tegese!

No.	Tembung	Tegese	No	Tembung	Tegese
1.	tembe		9.	methiki	
2.	thukul		10.	kartika	
3.	elare		11.	jenu	
4.	nganglang		12.	senthe	
5.	mega-mega		13.	abur	
6.	andon		14.	Togna	
7.	lelana		15.	wisa	
8.	krawe				

Ngundhuh	Akal, nalar, pikiran
Tuwuh	Lelungan, mider-mider
Lintang	Mendhung
Ngubengi	Samubarang kang ora becik
entek-entekan	Mengko, mbesuk
Sawijining tanduran kan nduweni racun	Miber
Banjur bae, lestari	racun
Sawijining tanduran tales-talesan kang uga nduweni racun	